

**KONVANSYON PLIZYÈ PEYI NAN AMERIK YO SOU
PREVANSYON, SANKSYON AK ELIMINASYON VYOLANS SOU FANM
«CONVENTION DE BELEM DO PARA» 09/06/94**

Peyi ki siyen konvansyon sa a,

Pandan yo rekonèt nan deklarasyon amerikèn sou dwa ak devwa moun enpi nan deklarasyon inivèsèl dwa moun, respè dwa moun pa gen limit, se yon prensip tou plizyè lòt òganizasyon entènasyonal ak rejyonal te tounen di,

Pandan yo di vyolans fèt sou fanm se yon vyolasyon dwa moun ak tout libète fondanatal moun nan gen dwa, anmenmtan tou, vyolans la anpeche totalman oubyen yon tikras rekonesans, jwisans ak pratik dwa sa yo,

Pandan tèt yo chaje ak koze vyolans sou fanm ki se yon ofans pou diyite moun enpi se yon demonstrasyon ki montre kouman rapò fanm ak gason pa janm sou menm pye degalite depi dikedantan,

Pandan y ap fè sonje deklarasyon pou sispann maspinay sou fanm, ki te adopte nan vennsenkyèm asanble delege yo ki te fèt sou labanyè «komisyon entè amerikèn fanm yo», yo pwofite redi: vyolans sou fanm frape tout sektè nan sosyete a, kelkanswa klas sosyal yo, ras yo, gwoup yo, kantite lajan yo genyen, laj yo oubyen religyon yo enpitou sa gen konsekans sou rasin vyolans la,

Pandan yo kwè sispann maspinay sou fanm nesèsè pou pèmèt li gen kè kontan pou byennèt pèsònèl li ak pou sosyete a enpitou pou patisipasyon total kapital li nan tout aktivite l ap fè nan lavi a,

Pandan yo kwè adopsyon yon konvansyon ki ka prevni, pini epi fè disparèt tout fòm maspinay sou fanm, nan kad òganizasyon eta ameriken yo, yo kwè tou adopsyon sa a ap ede mete baz pou pwoteksyon dwa fanm enpitou pèmèt elimine tout sitiyoasyon vyolans ki ta kab frape l,

Yo antann yo sou pwèn sa yo:

CHAPIT I

DEFINISYON AK KOTE POU APLIKE PRENSIP SA YO

Atik 1

Dapre sa k di nan konvansyon an, vyolans sou fanm vle di tout zak oubyen konpòtman ki baze sou kondisyon fanm ki lakòz lanmò, zak abitrè oubyen kraze zo, soufrans nan nati fanm nan oubyen nan mantal li, kèlkanswa nan lavi piblik li oubyen nan lavi prive l.

Atik 2

Vyolans sou fanm vle di: kraze zo, maspinay nan nati oubyen mantal yon fanm:

- a. li ka fèt nan fanmi oubyen nan rapò fanm nan avèk mari l oubyen nan tout lòt relasyon avèk lòt moun, menmsi pwovokatè a pa rete nan menm kay ak fi a, sa ka fèt sou fòm: kadejak, move tretman oubyen move kou nan nati fi a,
- b. li ka fèt nan kominote, kèlkanswa moun ki lotè a, epi li ka gen tout bagay sa yo ladann: kadejak, move tretman nan nati fanm nan, kraze zo, makrèl, fòse moun fè bouzen, kenbe moun annotaj, eseye tante moun pou l ka kouche avèk ou, keseswa nan travay, nan lekòl, nan lopital oubyen lòt kote,
- c. li ka komèt tou avèk tolerans leta oubyen tou fonksyonè li yo, nenpòt ki kote zak la fèt.

CHAPIT II

DWA PWOTEJE

Atik 3

Fanm gen dwa pou l viv lib nan yon atmosfè san vyolans, keseswa nan lavi piblik li oubyen nan lavi prive l.

Atik 4

Yo rekonèt libète tout fanm pou l egzèse, pratike tout dwa li. Dwa ak libète sa yo dwe jwenn pwoteksyon dapre prensip ki tabli nan òganis reyjonal ak entènasyonal yo sou zafè dwa moun. Dwa sa yo gen ladan yo:

- a. dwa pou lavi l respekte,
- b. dwa pou kò l respekte, sa l panse ak valè moral li,
- c. dwa pou l viv lib epi pou l jwenn sekirite pou tèt li,
- d. dwa pou l pa sibi kraze zo,
- e. dwa pou diyite l kòm moun respekte epi pou fanmi l jwenn pwoteksyon;
- f. dwa pou l jwenn pwoteksyon egalego lalwa, devan lalwa,
- g. dwa pou l ka fè demach san difikilte epi preseprese devan tribinal ki konsène yo pou l pwoteje l kont tout zak malonnèt ki pa respekte dwa l yo,
- h. dwa pou l kreye oubyen antre nan asosyasyon lib e libè,
- i. dwa pou l pratike lib e libè relijyon l epi gen pwòp kwayans li selon lalwa,
- j. dwa pou l travay nan fonksyon piblik epi patisipe nan zafè piblik peyi li, dwa pou l patisipe nan tout desizyon k ap pran.

Atik 5

Tout fanm gen dwa egzès lib e libè dwa sivil, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl li. Li fèt pou tout dwa l yo pwoteje dapre prensip ki tabli nan òganizasyon rejyonal ak entènasyonal yo sou zafè dwa moun. Peyi ki siyen konvansyon sa a rekonèt vyolans sou fanm antrave epi anile pratik dwa sa yo.

Atik 6

Dwa pou yon fanm viv nan yon atmosfè lib san vyolans se:

- a. dwa pou fanm nan lib san l pa sibi prejije, san yo pa mete l nan yon kwen,
- b. dwa pou fanm jwenn fòmasyon ak edikasyon san kondisyon yo pa chita sou mantalite, konpòtman ak pratik sosyal epi kiltirèl ki fè l santi li enferyè oubyen restavèk.

CHAPIT III

OBLIGASYON PEYI YO

Atik 7

Peyi ki siyen konvansyon sa a kondane tout kalite vyolans ki fèt sou fanm epi antann yo pou pran tout mwayen posib, epi san delè, pou adopte yon politik prevansyon, pinisyon epi eliminasyon vyolans. Yo pran angajman pou:

- a. yo pa komèt okenn zak vyolans epi pou yo pa fè vyolans sou fanm, pou yo asire yo tout otorite, tout fonksyonè ak ajan ansanm ak enstitisyon yo respekte obligasyon sa a,
- b. yo aji rapid selon sitiyasyon an pou anpeche vyolans kont fanm, mennen ankèt epi pran sanksyon kont zak maspinay ki fèt sou fanm nan,
- c. yo mete nan lejislasyon nasyonal yo tout règleman ki nesèsè pou prevni, pini, fè disparèt vyolans sou fanm, epi pran mezi administratif yo jije ki gen sans,
- d. yo adopte dispozisyon ki chita sou dwa pou oblije lotè zak vyolans yo sispann zigonnen, kraponnen epi menase fanm nan, anmède l oubyen mete lavi l andanje pa nenpòt ki mwayen, yon jan pou yo atake l nan kò l oubyen nan sa l posede,
- e. yo pran tout mezi ki nesèsè, san konte mezi ki tabli sou lalwa, pou chanje oubyen aboli tout lwa ak règleman ki ann aplikasyon pou chanje fason y ap pratike dwa, abitud ki ankouraje oubyen tolere zak maspinay fanm kontinye,
- f. yo met an plas yon bon jan sistèm dwa byen balanse pou fanm ki te sibi zak vyolans. Ladann y ap adopte tou plizyè mezi pou pwoteksyon, reyalize kèk prensip ki ale ak sitiyasyon epi ki pèmèt fanm jwenn sèvis sa yo san traka,
- g. yo met soupye teknik jidisyè ak administratif nesèsè pou asire yo fanm ki riske sibi zak vyolans jwenn dedomajman, reparasyon oubyen benefisye yon sipò ki byen balanse epi ki itil,
- h. yo adopte mezi ki chita sou lalwa oubyen lòt mezi ki enpòtan pou konvansyon sa a jwenn rezilta yo t ap tann nan.

Atik 8

Peyi ki siyen konvansyon sa a antann yo pou adopte ti gout pa ti gout kèk mezi ki reponn ak kèk pwogram ki vize:

- a. fè konnen epi fè respekte dwa fanm nan pou l viv nan yon klima lib san vyolans, dwa fanm nan pou l jwenn pwoteksyon epi pou dwa l yo respekte,
- b. chanje abitud, konpòtman sosyal ak kiltirèl fanm ak gason yo, san konte pwogram edikasyon klasik ak lòt k ap fèt andeyò lekòl sou tout nivo, pou anpeche zak malonnèt, abitud ak tout lòt atitud ki chita sou enferyorite oubyen siperyorite yon sèks parapò ak yon lòt oubyen sou wòl fanm ak gason ki chita sou prejije, fè vyolans sou fanm vin pi grav,
- c. ankouraje edikasyon ak fòmasyon pèsònèl la pou l ka administre lajistis ak zafè lapolis, fè menm jan ak lòt fonksyonè ki responsab pou fè aplike lalwa, ansanm ak tout lòt moun ki gen pou veye pou politik prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans kont fanm respekte,
- d. mete anplis kèk sèvis espesyalize pou bay fanm ki sibi zak vyolans yo bon jan bourad, itilize sèvis òganizasyon piblik ak prive yo pou ka bay fanm nan kote pou l rete, sèvis pou oryante tout fanmi an, epi lè sitiyasyon an prezante, swenyaj ak gadri pou timoun ki frape yo,
- e. fè kanpay epi apiye pwogram edikasyon piblik ak prive ki prevwa sansibilize popilasyon an sou pwoblèm ki gen rapò ak vyolans sou fanm, kote l ka ale pou l fè rekonèt dwa l epi jwenn dedomajman,
- f. ofri fanm ki sibi zak maspinay la plizyè pwogram reyadaptasyon ak fòmasyon ki ka pèmèt li patisipe toutben nan lavi piblik, prive ak sosyal,
- g. ankouraje responsab tout kalite rezo enfòmasyon pou bay kèk prensip pou ede vyolans sou fanm disparèt totalman sou tout fòm epi remonte, anplis, fè respekte diyite fanm,
- h. mennen yon seri ankèt, klase enfòmasyon sa yo nan estatistik epi lòt enfòmasyon tou ki gen rapò ak kòz, konsekans ak kantite fwa zak maspinay yo fèt sou fanm. Sa ap pèmèt evalye efikasite prevansyon yo, sanksyon ak eliminasyon vyolans kont fanm, prezante chanjman ki nesèsè epi mete yo ann aplikasyon,
- i. ankouraje koperasyon entènasyonal pou ka gen yon pataj lide ak eksperyans nan reyalizasyon program yo ki vle pwoteje fanm ki te sibi zak vyolans.

Artik 9

Pou rive nan adopsyon mezi ki nan chapit sa a, peyi ki siyen konvansyon an pran an konsiderasyon feblès fanm nan parapò a zak vyolans poutèt, pa egzanp, ras li oubyen orijin li, kondisyon l ap viv kòm «*migran, refijye*» oubyen moun ki deplase kite kay li. Peyi yo retni kèk ka kote fanm sibi zak vyolans paske l ansent, andikape, minè oubyen granmoun, oubyen tou paske sityasyon ekonomik li pa bon, l ap fè fas ak lit ame oubyen li pa gen libète l.

CHAPIT IV

MWAYEN PLIZYÈ PEYI AMERIK YO MET ANPLAS POU PWOTEKSYON DWA FANM YO

Atik 10

Pou ka pwoteje dwa fanm nan, pou l rive viv nan yon atmosfè san vyolans, peyi ki siyen konvansyon sa a pran angajman pou yo mete nan rapò nasyonal yo ki pral jwenn komisyon «*entè amerikèn*» fanm yo, tout mezi ki te pran pou evite, elimine vyolans kont fanm ak tout difikilte yo rankontre pou fè respekte mezi sa yo ansanm ak tout rezon ki ankouraje vyolans k ap fèt sou fanm.

Atik 11

Peyi ki siyen konvansyon sa a ak komisyon «*entè amerikèn*» fanm yo ka mande lakou «*entè amerikèn*» sou dwa moun yon avi pou di sa l panse sou fason yo entèprete konvansyon sa a.

Atik 12

Tout moun oubyen gwoup moun, ak tout òganizasyon ki pa gouvènmantral e ki legal nan youn oubyen plizyè eta manm òganizasyon yo, ka depoze nan komisyon «*entè amerikèn*» dwa moun yon petisyon pou denonse oubyen pote plent sou vyolasyon ki fèt dapre atik 7 nan konvansyon an pa youn nan manm yo. Komisyon an ap gen pou l egzaminen plent yo selon regleman ki tabli nan konvansyon amerikèn nan sou dwa moun epitou dapre regleman komisyon an.

CHAPIT V

DISPOZISYON JENERAL

Atik 13

Okenn dispozisyon nan konvansyon sa a p ap ka entèprete kòm yon limit dwa entèn eta ki siyen yo paske konvansyon an ofri yon pwoteksyon total kapital pou dwa fanm yo ak bon jan garanti epi pran tout mwayen pou anpeche zak vyolans k ap fèt sou fanm.

Atik 14

Okenn dispozisyon nan konvansyon sa a p ap ka entèprete kòm yon limit konvansyon ameriken parapò a dwa moun oubyen lòt konvansyon entènasyonal nan domèn sa a paske konvansyon an ba fanm yo yon bon jan pwoteksyon sou zafè vyolans la.

Atik 15

Konvansyon sa a louvri pou tout peyi manm òganizasyon eta ameriken yo ki vle siyen l.

Atik 16

Konvansyon sa a louvri pou ratifikasyon. Zouti pou ratifikasyon yo ap nan sekretarya jeneral òganizasyon eta ameriken yo.

Atik 17

Konvansyon sa a louvri pou tout lòt peyi ki vle siyen l. Zouti pou pèmèt yo antre nan konvansyon an ap nan sekretarya jeneral òganizasyon eta ameriken yo.

Atik 18

Tout peyi ki siyen konvansyon an epi ki yon ti jan renka devan regleman yo ka prezante rezon yo a lè adopsyon, siyati, ratifikasyon konvansyon an oubyen lè y ap antre ladann, men fòk rezon sa yo:

- a. pa degrenngòch avèk entansyon epi objektif konvansyon an,
- b. pa gen yon karaktè jeneral epi fòk yo ka aplike l nan youn oubyen plizyè nan dispozisyon ki pran yo.

Atik 19

Pa filyè komisyon «*entè amerikèn*» fanm yo, tout peyi ki nan konvansyon an ka prezante asanble jeneral la yon pwopozisyon pou amande konvansyon sa a.

Amanman sa yo ap ann aplikasyon konsènen eta ki ratifye yo a, nan dat depo enstriman ratifikasyon an ki koresponn a detyè (2/3) peyi ki siyen konvansyon sa a. Konsènen lòt peyi ki siyen yo, amanman ap ann aplikasyon nan dat depo enstriman ratifikasyon yo.

Atik 20

Lè youn nan eta yo gen plizyè inite teritoryal oubyen plizyè lejislasyon ki responsab kesyon ki fè objè konvansyon sa a, li ka, lè l ap siyen l, ratifye l oubyen antre ladann, deklare regleman yo pa aplikab pou tout inite teritoryal li yo oubyen aplikab pou sèlman kèk nan yo.

Deklarasyon sa yo ka chanje nenpòt ki lè, men fòk deklarasyon yo vin apre epi fò yo presize pou ki inite teritoryal konvansyon sa a ka aplike. Deklarasyon ki vin apre sa yo pral nan sekretarya jeneral òganizasyon eta ameriken yo epi y ap antre ann aplikasyon trant jou apre dat yo resevwa yo a.

Atik 21

Konvansyon sa a ap antre ann aplikasyon trantyeèm jou apre dat depo dezyèm zouti ratifikasyon an. Konvansyon an pral gen efè sou tout eta ki ratifye l oubyen ki antre ladann yo, apre depo dezyèm enstriman ratifikasyon an. Trantyeèm jou sa ap koumanse kontwole apati dat eta a ap depoze zouti ratifikasyon l ou adezyon l nan.

Atik 22

Sekretè jeneral la ap bay tout eta manm òganizasyon peyi ameriken yo yon nòt legal pou di yo konvansyon ann aplikasyon.

Atik 23

Sekretè jeneral òganizasyon eta ameriken yo ap prezante yon rapò chak ane ba peyi manm òganizasyon an sou estati konvansyon an, avèk tout siyati, depo enstriman ratifikasyon yo, adezyon oubyen deklarasyon yo, epi tou tout rezèv peyi yo genyen devan regleman ki nan konvansyon an. Lè sitiyasyon an prezante, sekretè jeneral la ka fè yon rapò sou rezon yo.

Atik 24

Konvansyon sa a ap kontinye fonksyone nètale, men tout eta manm yo ka denonse l si yo depoze yon zouti pou sa nan non sekretarya jeneral òganizasyon eta ameriken yo. Konvansyon an ap sispann gen priz sou peyi ki denonse l yo yon lane apre. Tan sa a ap koumanse kontwole apati dat depo zouti denonsyasyon an, men l ap kontinye aplikab pou lòt peyi ki rete nan konvansyon.

Atik 25

Zouti orijinal konvansyon sa a, ki tradui nan plizyè lang, Fransè, anglè, espayòl ak pòtigè, pral depoze nan sekretarya jeneral òganizasyon eta ameriken. Sekretarya a ap voye yon kopi sètifye nan sekretarya Nasyon Zini pou anrejistreman ak piblikasyon, selon atik 102 nan chat Nasyon Zini an.

Tout mezi sa yo gen anpil enpòtans pou fè respekte diyite fanm. Se sak fè ajan diplomatik yo siyen konvansyon sa a, avèk otorizasyon gouvènman yo. Konvansyon sa ap pote non: *Konvansyon entè amerikèn sou prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans kont fanm «Convention de Belem do Para»*.

Konvansyon sa a fèt Belem Do Para, Brezil, nan dat nèf jen mil nèf san katreven katòz.